

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Dina hirup kumbuh di masarakat, basa mibanda kalungguhan anu pohara penting pikeun alat komunikasi. Ku cara ngagunakeun basa, manusa bisa ngaéksprésikeun kahayangna.

Basa téh mangrupa sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antara anggota masarakat pikeun tujuan komunikasi (Sudaryat, 2005:10).

Salah sahiji hakékat basa téh sistem, lantaran basa mangrupa beungkeutan unsur-unsur (wangun jueng eusi) anu silih lengkepan dumasar kana aturan anu tangtu pikeun ngahontal hiji tujuan. Minangka hiji sistem, basa téh mibanda hiji sifat sistematis nya éta basa téh ngandung unsur-unsur anu puguh éntép seureuhna; ari sistematik nya éta basa téh mibanda pola-pola anu dumuk tur diramalkeun, kayaning aturan fonologi, tatabasa jeung semantik.

Basa Sunda minangka cicirén urang Sunda, kiwari ogé boga kalungguhan jadi basa daérah nu masih dipiara tur dipaké ku masarakatna. Ku kitu na, hirup-huripna

basa Sunda ogé ditangtayungan ku nagara. Luyu jeung Undang-Undang Dasar 1945,

BAB XV, penjelasan pasal 36, nu unina nya éta:

Di daerah-daerah yang memiliki bahasa sendiri, yang dipelihara oleh rakyatnya dengan baik-baik (misalnya bahasa Jawa, Sunda, Madura, dan sebagainya), bahasa-bahasa itu pun dihargai dan dipelihara oleh Negara.

Basa Sunda mangrupa basa nu dipaké di wewengkon Jawa Barat jeung Banten kiwari basa Sunda mibanda kalungguhan anu penting salaku basa daérah. Ditillik tina cara ngagunakeuna, basa Sunda mibanda sababaraha variasi, nya éta variasi sosial, variasi lokatif, variasi temporal, jeung variasi géografi. Variasi géografi ngabalukarkeun ayana géografi dialék anu dina basa Sunda disebut basa wewengkon.

Hirup kumbuh jeung mekarna basa Sunda dialék dipangaruhan ku dua faktor, nya éta faktor kabasaan jeung faktor luareun basa. Anu dipangaruhan ku kaayaan alam, batas-batas politik, ékonomi, patukeurna budaya, jeung cara hirup masarakat di hiji wewengkon.

Élmu nu nalungtik ngeunaan basa téh nya éta linguistik. Salah sahiji sélér linguistik nya éta sosiolinguistik, anu nyawang basa salaku sistem sosial jeung sistem komunikasi nu mangrupa bagian tina masarakat jeung kabudayaan. Nurutkeun Suwito (1983:4), Sosiolinguistik nya éta

Studi tentang sifat-sifat khusus (karakteristik) variasi basa, sifat-sifat khusus fungsi bahasa dan sifat-sifat khusus pemakaian bahasa dalam jalinan interaksi serta perubahan-peubahan antara ketiganya di dalam masarakat tuturnya.

Panyatur basa Sunda wewengkon Ciamis di Kacamatan Sidamulih sacara géografis alamna mangrupa daérah pasawahan. Kacamatan Sidamulih aya di béh kuloneun kota Pangadaran pernahna wétaneun kota Kabupaten Ciamis. Pakasaban masarakatna lolobana kana tatanén. Pikeun komunikasi sapopoé masarakatna ngagunakeun basa Sunda jeung basa Jawa. Basa Sunda anu digunakeun béda jeung basa Sunda lulugu saperti kecap aki 'yoyo', nini 'enéh', engké 'engko'.

Pikeun miara jeung ngamumulé basa Sunda wewengkon, salah sahijina nya éta ngaliwatan atikan formal disakola. Dumasar kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran basa jeung sastra Sunda disusun dumasar kana aturan daérah provinsi Jawa Barat No. 5 Taun 2003 ngeunaan ngamumulé basa, sastra jeung aksara daérah, di antaran basa Sunda diajarkeun dipendidikan dasar Jawa Barat. Kawijakan éta sajalan jeung jiwa UU No. 22/1999 ngeunaan Pamaréntah Daérah jeung UU No. 20/2003 ngeunaan sistem Pendidikan Nasional, anu sumberna tina UUD 1945 ngeunaan pendidikan jeung kabudayaan disagigireun éta sajalan ogé jeung rékoméndasi ti UNESCO taun 1999 ngeunaan ngamumulé basa indung, jeung aturan Pamaréntah Republik Indonésia nomor 19 taun 2005 ngeunaan Standar Nasional Pendidikan, BAB III pasal 7 ayat 3-8, anu nyebutkeun yén ti SD/MI/SDLB, SMP/MTs/SMPLB, SMA/MAN/SMALB jeung SMK/MAK dibéré pangajaran muatan lokal anu rélévan. SKKD ieu diputuskeun ku Gubernur Jawa Barat Nomor 423.5/kep.674-disdik/2006.

Basa Sunda jadi basa tutor jeung basa tulis masarakat di Jawa Barat. Aturan jeung wacana tulis éta bisa dijadikeun bahan pikeun ngajéntrékeun matéri poko nu

nyoko kana indikator anu aya dina Standar Kompetensi. Basa Sunda nya éta basa daérah anu ngabogaan jumlah panyatur nu loba nyebar di wilayah Jawa Barat, Banten, jeung bagian-bagian kulon Jawa Barat. Sarta ngabogaan basa-basa wewengkon (dialék). Kanyataan éta kudu diantisipasi ku sakola sacara wajar, nya éta ku ngenalkeun basa dialék dina basa tutur satempat bari ngenalkeun ogé basa lulugu. Panyatur basa Sunda jadi dwibahasawan, salian ti komunikasi maké basa Sunda ogé ngagunakeun basa Indonésia.

Mangpaat basa wewengkon pikeun bahan pangajaran di antarana nya éta jadi wahana mekarkeun basa wewengkon sangkan jadi leuwih dipikawanoh, jeung pikeun nambahan kosa kata atawa ngeuyeuban kandaga kecap ngeunaan basa wewengkon sarta sangkan siswa boga pangaweruh ngeunaan basa dialék, mibanda kamahéran ngagunakeun basa dialék. Lian ti mangpaat, pentingna basa Sunda wewengkon pikeun bahan pangajaran nya éta méré informasi siswa sangkan jadi nyaho bédana basa wewengkon jeung basa lulugu anu mangrupa lambang jati diri (identitas) masarakat Sunda sarta mibanda sikep nu hadé kana basa Sunda dialék di daérah séwang-séwangan.

Nepi ka ayaeuna panalungtikan ngeunaan basa wewengkon basa Sunda geus dilaksanakeun ku sababaraha panalungtik, upamana waé: *Basa Sunda Dialék Cirebon di Kacamatan Pabedilan pikeun Pangajaran Basa Sunda di SLTP* (Saéfudin, 2004), dina ieu panalungtikan Saefudin ngabahas ngeunaan basa dialék Cirebon diterapkeun pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SLTP, dumasar kana hasil analisisna basa Sunda dialék Cirebon di Kacamatan Pabedilan luyu jeung konsep nu aya dina KBK.

Lian ti éta, aya skripsi anu judulna *Basa Sunda Dilaék Sukabumi di Kacamatan Waluran* (Senjaya, 2005), panalungtikana ngagunakeun métode deskriptif tujuanana sangkan meunang gambaran ngeunaan Basa Sunda Dialék Sukabumi Di Kacamatan Waluran. Sedengkeun sampelna mangrupa bagian tina populasi sarta dianggap bisa ngawakilan populasi. Kecap dialékna aya 85 kecap. Dina ieu panalungtikan, Sanjaya ukur ngabahas basa dialékna tanpa dikaitkeun kana pangajaran. Lian ti éta aya skripsi nu judulna *Basa Sunda Dilék Pandeglang di Kacamatan Munjul Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP* (Mimi Helmiah. 2005), dina ieu panalungtikan bisa dicindekeun yén kandaga kecap basa Sunda dilaék pandeglang di Kacamatan Munjul bisa dijadikeun bahan pangajaran kandaga kecap di SMP, luyu jeung tujuan pangajaran kandaga kecap basa Sunda nu aya dina GBPP muatan lokal Bahasa jeung Sastra Sunda 1994. Tujuanana pikeun nambahan pangaweruh jeung kamampuh siswa dina ngagunakeun basa Sunda dialék Pandeglang di Kacamatan Munjul. Ku kituna panalungtikan ngeunaan *Basa Sunda Wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP* perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah**

### **1.2.1 Rumusan Masalah**

Dumasar kasang tukang di luhur panalungtikan ngeunaan basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih, pasualan anu baris dipedar ieu panalungtik dirumuskeun dina kalimah-kalimah pondok, hal ieu luyu jeung pamanggih Sudjana (1991:23) ngébréhkeun yén masalah kudu salawasna dina

wangun patalékan lain pernyataan. Masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap.

- 1) Aya sabaraha jumlah kandaga kecap basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih?
- 2) Kumaha parobahan kecap basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan sidamulih tina jihat fonologis, morfologis jeung léksikal?
- 3) Kumaha peta sesebaran géografi basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih?
- 4) Kumaha alternatif model bahan pangajaran basa Sunda wewengkon Ciamis kacamatan Sidamulih?

### 1.2.2 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta jeung rumusan masalah di luhur, watesan masalah dina panalungtikan ieu baris diwatesanan ngan saukur ngagambarkeun basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih anu ngawengku: (a) istilah panca kaki, (b) kecap gaganti jeung sesebutan, (c) kecap kahirupan désa jeung masarakat, (d) kecap bagian awak, (e) kecap imah jeung bagianana, (f) pakakas, (g) kecap kadaharan jeung inuman, (h) kecap panyakit, (i) kecap pagawéan, (j) kecap pakéan, (k) kecap kaulinan, (l) kecap tutuwuhan jeung bungbuahan, (m) sasatoan, (n) kecap kaayaan alam jeung usum, (o) kecap budi parangi, (p) kecap pagawéan, jeung (p) kecap pananya, panyambung, panambah, panganteb jeung katerangan waktu.

### 1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan



### 1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Sakur-sakur panalungtikan mibanda tujuan. Tujuan ieu pikeun ngahontal sarta nangtukeun kagiatan anu dimaksud anu saluyu jeung harepan panalungtikan. Ieu panalungtikan téh mibanda tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) invéntarisasi basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih;
- 2) parobahan kecap basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih tina jihat fonologis, morfologis, jeung léksikal;
- 3) peta wilayah sesebaran basa wewengkon Ciamis kacamatan Sidamulih; jeung
- 4) altrenatif modél bahan pangajaran basa sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih.

### 1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Sacara téoritis, mangfaat panalungtikan ieu nya éta ngajembaran pangaweruh ngeunaan kandaga kecap basa Sunda jeung nambahan pangaweruh ngeunaan parobahan kecap basa wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih.

Deskripsi mangfaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) nambahan pangaweruh ngeunaan basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih tina jihat fonologis, morfologis, jeung léksikal;
- 2) ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatanm Sidamulih;
- 3) ngajembaran pangaweruh ngeunaan kandaga kecap basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih;
- 4) pikeun bahan pangajaran mulok basa Sunda; jeung

- 5) nambahan pangaweruh guru ngeunaan basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih.

#### 1.4 Anggapan Dasar

Nurutkeun Surakhman dina Arikunto (1998:60), *anggapan dasar atau postulat adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya di terima oleh penyidik*. Panalungtikan ieu mibanda sababaraha anggapan dasar, di antarana:

- 1) basa Sunda wewengkon Ciamis kacamatan sidamulih dipaké pikeun komunikasi kamasarakatan;
- 2) basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih mangrupa ragam basa Sunda anu mibanda ciri mandiri;
- 3) bédana antara basa Sunda wewengkon jeung basa Sunda lulugu bisa dianalisis dumasar kana élmu basa; jeung
- 4) pangajaran ngeunaan kandaga kecap nyampak dina SKKD.

#### 1.5 Wangenan Oprasional

Dina ieu panalungtikan diperlukeun katerangan-keterangan anu jéntré sangkan henteu rupa-rupa panafsiran, ieu katerangan téh patali jeung judul panalungtikan.

1. Basa Sunda wewengkon Ciamis Kacamatan Sidamulih nya éta ragam basa Sunda anu mibanda ciri-ciri husus tur mandiri sarta dipaké ku masarakatna.
2. Kacamatan Sidamulih mangrupa salah sahiji kacamatan nu aya di kabupatén Ciamis anu pernahna wétaneun kota Kabupatén Ciamis.



3. Bahan pangajaran mangrupa salah sahiji komponén dina prosés diajar ngajar.
4. SMP (Sekolah Menengah Pertama) nya éta salah sahiji lembaga atikan formal di Indonésia anu aya dina panalingan Departemén Pendidikan dasar, kalawan tujuan pikeun ka jenjang anu leuwih luhur.

Dumasar kana wangenan oprasional di luhur anu dimaksud basa Sunda wewengkon Ciamis di Kacamatan Sidamulih téh nya éta panalungtikan ngeunaan ragam basa wewengkon nu aya di Kacamatan Sidamulih Kabupatén Ciamis pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

